

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab eusina ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi dina ieu panalungtikan.

5.1. Kacindekan

Dina ieu panalungtikan naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* karya Rosyid É. Abby, pasualan anu diguar nyaéta aya tilu: (1) struktur carita, (2) struktur naskah drama, jeung (3) ajén agama Islam. Pikeun ngaguar eusi dina naskah dramana, ieu panalungtikan ngagunakeun sababaraha tiori. Tiori nu digunakeun pikeun ngaguar struktur carita nyaéta ngagunakeun tiori Stanton anu struktur carita dibagi jadi tilu bagéan nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Pikeun ngaguar naskah dramana ngagunakeun tiori Sumardjo anu kabagi jadi prolog, dialog (wawancang, jeung kramagung), babak, adegan, solilokui, jeung épilog. Anapon pikeun ngaguar ajén agama Islamna ngagunakeun tiori Sudrajat anu ngabagi ajén agama Islam kana 3 bagéan nyaéta aqidah, ibadah, jeung ahlak. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif kualitatif ngaliwatan talaah pustaka.

Dumasar kana ulikan struktur carita naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra*, téma dina ieu naskah téh nyaéta jalma anu bajoang dina nanjeurkeun agama Islam, sarta jalma anu ngahalalkeun sakabéh cara pikeun nyangking kakawasaan. Galur anu dipaké nyaéta galur maju atawa marélé. Latar tempat nu dipaké aya genep tempat anu béda, nyaéta di Madinah, di imah Zainab, di imah kulawarga Ali, di Karbala, di luar kémah, jeung di Syam majlis khalifah Yazid bin Muawiyah. Latar waktu dibagi jadi dua bagéan, nyaéta latar waktu dumasar kana durasi, jeung latar waktu dumasar kana titimangsa. Ngeunaan latar waktu ditulis sacara jéntré, kapanggih aya tilu latar waktu dumasar kana durasi, nyaéta ayeuna, harita, jeung tiheula. Sedengkeun latar waktu dumasar kana titimangsa aya tilu, nyaéta 10 Muharam 61 Hijriyah, pasosoré, jeung subuh. Tanggal jeung taun kajadian dina ieu carita nyaéta 10 Muharam 61 Hijriyah, sedengkeun kajadian lumangsung dina waktu pasosoré jeung subuh. Anu pamungkas nyaéta latar sosial, latar sosial nu nyampak dina naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* digambarkeun ku kabiasaan masarakat

dina agamana nyaéta sok solawatan babarengan di hiji tempat, boh awéwé boh lalaki. Tokoh dina ieu carita kawilang aya 38 tokoh. Sarana sastra anu dipaké nyaéta judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul anu nyampak luyu jeung eusi caritana, ari puseur implengan anu digunakeun ku pangarang kana ieu naskah drama nyaéta jalma katilu teu kawatesanan, sedengkeun gaya basa anu kapanggih aya 5 gaya basa nyaéta babasan jeung paribasa, ngaupamakeun, sindir, ngasor, jeung kadalon.

Sabada ditalungtik, ngeunaan ulikan struktur naskah drama dina ieu carita, yén prolog anu kapanggih dina ieu naskah drama téh nyaéta nalika narator nyaritakeun ngeunaan sinopsis yén di Karbala loba layon anu ngababatang jadi korban nalika lalampahan. Dialog anu kapanggih dina ieu naskah téh aya dialog antara dua tokoh, jeung dialog anu leuwih ti dua tokoh, kapanggih ogé 23 wawancang, jeung 40 kramagung. Dina ieu naskah teu dituliskeun sacara jéntré ngeunaan aya sabaraha babak, tapi kapanggih kajadian-kajadian nu dicaritakeun téh aya dina 6 tempat anu béda. Dina ieu naskah kapanggih aya 14 adegan nu dicutat dina naskah dramana, unggal adegan ditandaan ku parobahan latar jeung suasana sarta kaayaan para tokohna. Dina ieu naskah teu kapanggih aya na solilokui jeung *aside*. Épilog dina ieu naskah drama digambarkeun ku narator anu ngedalkeun rasa syukur sabab Zainab bsia ngayakinkeun masarakat Kufah ngeunaan bener jeung salah, ogé percaya yén dina unggal musibah anu geus karandapan téh tangtu aya hikmahna.

Anu pamungkas aya ajén agama Islam, aya sababaraha ajén agama Islam anu kapanggih dina ieu carita, nyaéta ajén agama Islam anu patali jeung aqidah aya 10, ajén agama Islam nu patali jeung ibadah aya 8, jeung ajén agama Islam nu patali jeung ahlak aya 7. Ku kituna, kapanggih yén aya 25 ajén agama Islam dina naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra*.

Tina ieu hasil panalungtikan bisa dicindekkeun yén ieu naskah drama téh tos hadé. Sabab tina eusi caritana, dina ieu naskah réa ma'na nu nyamuni, hususna ngeunaan kahirupan nu patali jeung ajén agama Islam. Sanajan sacara struktur naskah drama ieu naskah kawilang can lengkep, tapi ku teu kapanggih ayana solilokui jeung *aside* teu pati mangaruhan kana ésénsi carita jeung pesen nu rék ditepikeun.

5.2. Implikasi

Naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* karya Rosyid É.Aby mangrupa salah sahiji naskah drama anu réa ku ma'na nu nyamuni dina ungkara-ungkarana. Ku kituna, dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, diantarana nyaéta masarakat. Lian ti éta, struktur jeung eusi dina ieu naskah bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra Sunda, hususna naskah drama. Ajén agama Islam nu nyampak dina ieu naskah drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* karya Rosyid É.Aby ogé bisa ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra jeung ajén kaagamaan.

5.3. Rékomendasi

Sanggeus panalungtikan ngeunaan Ajén Agama Islam dina Naskah Drama *Kasidah Cinta Al-Kubra* karya Rosyid É.Aby dilaksanakeun, aya sababaraha rékomendasi pikeun panalungtikan kahareupna. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngamekarkeun panalungtikan anu nganalisis aspék séjén salian ti struktural jeung ajén agama Islam, sangkan aspék séjénna bisa kaguar sarta miboga mangpaat pikeun kabeungharan élmu pangaweruh, hususna nyaéta dina widang sastra. Lian ti éta, pikeun pamaca jeung masarakat dipiharep bisa tuluy ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pamahaman karya sastra ku cara maca hasil kajian sastra, hususna dina widang naskah drama Sunda. Anu pamungkas, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi référénsi di perkuliahan atawa panalungtikan nu sarupa.